

## Kibò m ka jwenn aktivite oswa opòtinite nan kominote a pou pitit mwen an sosyalize?

Kibò m ka jwenn aktivite pou timoun ki gen bezwen espesyal?

- **Philly Autism Project (Pwojè Otis Filadèlfia) a oubyen "A-List".** Gade lis resous, sèvis ak soutyen Filadèlfia sa a pou moun ki gen otis ak fanmi yo. [www.phillyautismproject.org/alist](http://www.phillyautismproject.org/alist) 
- **Gid Resous ASERT pou Otis.** Chèche evènman ak aktivite nan zòn lan nan Gid Resous ak Kalandriye Aktivite ASERT pou Otis. [paautism.org](http://paautism.org) 
- **Pwogram ACCESS Art Reach.** Si ou gen yon kat aksè, vizite pwogram toupatou nan vil la pou \$2/tikè pou jiska 4 moun. [www.art-reach.org/access](http://www.art-reach.org/access) 
- **Bilten Elwyn pou Fanmi.** Si pitit ou a ap resevwa sèvis entèvansyon prekòs atravè Elwyn, ou ta dwe resevwa yon bilten enfòmasyon chak mwa nan imèl ki gen ladan I yon pakèt resous ak aktivite lokal yo. Si ou pa resevwa li, mande ekip Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) pitit ou a pou konfime adrès imèl ou epi voye yon kopi bilten ki pi resan an ba ou.

Mwen vle pitit mwen an sosyalize ak lòt timoun. Ki opsyon ki disponib?

Konsidere ale nan yon gwooup jwèt lokal oswa yon evènman nan zòn nan avèk pitit ou a. Sa kapab yon fason fasil pou wè kijan I kominike avèk kanmarad ki gen menm laj avèk yo tout pandan I ap kontinye gen soutyen prezans ou toupre a.

- Verifye bibliyotèk lokal ou a pou gwooup jwèt ak lè istwa. [libwww.freelibrary.org/calendar/type/family-programs](http://libwww.freelibrary.org/calendar/type/family-programs)
- Gade evènman ki konsantre sou timoun k ap dewoule nan zòn ou an.
  - [mommypoppins.com/phillyadelphia](http://mommypoppins.com/phillyadelphia)
  - [philly.kidsoutandabout.com](http://philly.kidsoutandabout.com)